



Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APLIKASYON YO OUVÈ KOUNYE A POU  
PWOPRIYETÈ KAY KI ELIJIB POU REVNI POU APLIKE POU SIBVANSYON POU  
REPARASYON IJANS MOVE TAN MWA JIYÈ AK OUT**

***Pwopriyetè kay ki elijib yo ka aplike depi nan Konte Chautauqua, Madison, Erie,  
Oneida, Essex, Saratoga, Lewis ak Warren pou move tan ki te pase 10 – 16 jiyè  
2024***

***Pwopriyetè kay ki elijib yo ka aplike depi nan konte Allegany, Oswego, Delaware,  
St. Lawrence, Franklin, Steuben ak Jefferson pou rès tanpèt twopikal Debby 9 - 10  
out 2024***

***Pwopriyetè kay ki elijib yo ka fè demann nan konte Nassau ak Suffolk pou move  
tan 18-19 out 2024 la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a demann yo disponib kounye a pou pwopriyetè kay ki elijib pou revni ki te afekte nan gwo tanpèt ak inondasyon ki te fèt nan Eta New York an jiyè ak out 2024. Nan kad pwogram sa a, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) te administre yon èd an ijans pou reparasyon kay ka disponib pou pwopriyetè kay ki konsène yo, ki abite nan konte ki afekte anba yo. Yo ka itilize yon finansman jiska 50,000 dola pou reparasyon lojman an ijans ki nesèsè pou rann kay la an sekirite, an sante ak abitab. Y ap akòde sibvansyon yo sou baz premye vini, premye sèvi jiskaske lajan yo fin itilize. Yo pral aksepte aplikasyon yo jiska 7 oktòb 2024.

"Aprè move tan yo te lakòz gwo domaj atravè Eta New York, n ap bay èd ijans pou rezidan ki afekte yo pou yo fè reparasyon ki nesèsè pou asire kay yo an sekirite epi yo ka abite," **Gouvènè Hochul te deklare**, "Administrasyon mwen an rete angaje nan ede pwopriyetè kay ki afekte nan tanpèt sa yo pou yo ka kontinye retabli yo apre evènman devastatè sa yo."

**Komisè HCR, RuthAnne Visnauskas te deklare**, "Pandan Nouyòkè yo kontinye retabli anba domaj tanpèt ete sa yo te aflije yo, nou pare pou ede pwopriyetè kay ki elijib yo ki ap eseye rann kay yo an sekirite epi abitab. Mèsi a Gouvènè Hochul ak patnè kominotè nou yo, nou enpasyon pou n travay avèk patnè nou yo ak kominote lokal yo pou ede pwopriyetè kay yo rekonstwi ak repare."

Fon yo disponib pou pwopriyetè kay ki elijib yo pou rezidans prensipal yo kote kouvèti asirans pou inondasyon oswa asirans oswa lòt fòm lajan rekiperasyon pou katastwòf yo pa ase pou remete kay la nan yon kondisyon ki an sekirite epi ki abitab. Se òganizasyon san bi likratif ki pral administre pwogram nan epi li pral sèvi konte sa yo:

**Move tan 10-16 jiyè 2024:** Konte ki elijib - Chautauqua, Madison, Erie, Oneida, Essex, Saratoga, Lewis, Warren

**Move tan 9-10 out 2024:** Konte ki elijib - Allegany, Oswego, Delaware, St. Lawrence, Franklin, Steuben, Jefferson

**Move tan 18-19 out 2024:** Konte ki elijib - Nassau ak Suffolk

Gen plis enfòmasyon sou pwogram nan, ki gen ladan direktiv, administratè ak egzijans revni [ki disponib sou sit entènèt HCR](#). Administratè respektif yo pral kontakte pwopriyetè kay ki te deja ranpli fòmilè demann sou entènèt la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)